

Men rezon k fè w ta dwe tape pou vwayaj w ap fè nan tren ak bis yo:

- Ou p ap gen pou w mete pasaj sou MetroCard ou anvan vwayaj ou gen pou w fè a ankò. W ap annik tape pou w peye.
- Ou gen transfè gratis lè w tape menm aparèy oubyen »)) kat la nan chak arè w fè nan vwayaj w ap fè a.
- Ou gen vwayaj gratis aprè w fin peye 12 fwa nan espas 7 jou avèk menm aparèy oswa »)) kat la.

**Ou ka li bwochi sa a ann
Espanyòl, Chinwa, Koreyen, Ris,
Kreyòl Ayisyen, oswa Bengali:**



Kontakte nou:

Rele 877-789-6669

tout 7 jou nan semèn nan,
soti 8 a.m. pou rive 5 p.m.

Oubyen rele 511, di "MTA",
apre sa di "OMNY".

omny.info

Fason pou w tape ak

OMNY™

**Ou pa bezwen aplikasyon,
kont, oubyen anrejistre.**



 **OMNY**
omny.info

Tape pou vwayaj w ap fè nan tren ak bis yo nan Vil Nouyòk yo

OMNY ba w plis mwayen pou w peye:



Kat »)) san kontak

Tape nenpòt kat kredi, debi, oubyen kat ou dwe met lajan sou li pou w ka sèvi avèl la ki gen imaj »)) sou li.

Telefòn Entèlijan oubyen aparèy

Tape nenpòt telefòn oubyen aparèy ki gen opsyon ou ka mete kat pou w peye ladan l.

Kat OMNY

Achte epi mete pasaj sou yon kat OMNY ak lajan, kat kredi, oubyen debi nan yon magazen ki toupre w (omny.info/retail).



Tape nan gichè a oubyen nan bis la

Tape kat ou oubyen aparèy ou sou ekran an.

Lè w wè koulè a vèt e w tandé l di "GO", lè sa w pare pou vwayaj ou a.

Tranzaksyon OMNY yo san danje e yo fèt an sekirite. MTA pa pataje enfòmasyon kliyan yo.